*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№64 (26516)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 14 апрель – хуымгæнæны мæйы 14 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ПАРЛАМЕНТОН БАЙХЪУЫСТЫТÆ
*Туризмы рæзты ахсджиаг фарстатæ*
3 ЦÆСТÆНГАС
*Цæмæн аивта ирон адæймаджы удыхъæд?*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

Хицауады æмбырд

# Срæмыгъды фæстиуджытæ æмæ æххуыс адæмæн

**Дзæуджыхъæуы пиротехникæйы скълады срæмыгъды фæстиуджытæ куыд иуварсгонд цæуынц, æмæ хъыгдардбаййафæг адæмæн цавæр æххуыс цæуы, ууыл уыд ныхас РЦИ-Аланийы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырды. Амыдта йæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Архайдтой дзы министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, районты хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытæ.**



Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ доклады фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайдтой бæрзонд цæттæдзинады уавæры. Республикæйы хæххон районты тæссаг у зæйтæ рацæуынæй. Ивгъуыд къуырийы дæргъы хæхты сæхи æгъдауæй рацыдысты æртæ зæйы, афæдзы райдайæнæй нырмæ та – 35 зæйы. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 84 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы баййæфтой 28 адæймаджы, æртæ адæймаджы дзы фæмард сты. Боныхъæды аххосæгтæм гæсгæ, Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтæ ныртæккæ сты æхгæд транспорты æппæт хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл лæууы 3000 транзитон уæзласæн машинæйы æмæ 130 рог машинæйы, 2800 та – электронон рады. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 12580 автотранспортон иуæджы æмæ 28320 адæймаджы. Боныхъæды уавæртæ кæй февзæр сты, уый тыххæй Уæллаг Ларсы посты цур бæлццæттæн байгом хъармгæнæн пункт, – загъта Томайы-фырт.

Сергей Меняйло бахæс кодта, уарыны дæттæ кæдæм цæуынц, æппæт уыцы къанæуттæ ссыгъдæг кæнын. Нодж ма регионы разамонæг бафæдзæхста, цалынмæ Арвыкомы фæндаг æхгæд у, уæдмæ уæзласæн транзитон машинæтæн республикæмæ фæндаг сæхгæнын.



РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 6 апрелæй 12 апрелмæ республикæйы æрцыд 164 фыдракæнды. Уыдонæй раргом кæнын бантыст 87. Æбæрæг фыдгæнджытæ къуырийы дæргъы телефонтæй дзырдтой ахуырадон уагдæттæм, рæмудзæн æрмæг дзы ис, зæгъгæ. Мидхъуыддæгты оргæнтæ æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрад, æппæт хъæугæ оперативон мадзæлттæ саразгæйæ, сбæрæг кодтой, уыцы хъусынгæнинæгтæ мæнг кæй сты, уый. Дарддæр цæуынц слестгæнæн куыстытæ.

Дзæуджыхъæуы администрацийы сæрдар **Милдзыхты Вячеслав** аппаратон æмбырды фехъусын кодта, пиротехникæйы скълады срæмыгъды чи фæмард, уыдоны бинонтæн фæйнæ иу милуан сомы кæй бафиддзысты, уый. Куыд зонæм, афтæмæй срæмыгъды рæстæг фæмард сты дыууæ адæймаджы, хъыгдард дзы баййæфтой 15 адæймаджы, уыдоны 'хсæн – æртæ сывæллоны.

Республикæйы Сæргълæууæг Милдзыхты Вячеславæн бафæдзæхста, цæмæй зиантæ бавæрыны хæрдзтæ дæр горæты администраци йæхимæ райса.

Партизанты цæхгæрмæуынджы пиротехникæйы срæмыгъдæй хъыгдард цы æртæ сывæллоны баййæфтой, уыдонмæ дохтыртæ сæ цæст лæмбынæг дарынц. Сæ æнæниздзинадæн ныртæккæ тæссаг ницæмæй у. Уый тыххæй аппаратон æмбырды фехъусын кодта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Митциты Астан**.

– Сывæллæттæй иуы абон реанимацийæ раивдзысты профилон хайадмæ æмæ йæ дарддæр дзæбæх кæндзысты. Республикон клиникон рынчындоны ныртæккæ ис æхсæз рынчыны, сæ иуы дзы тагъд рафысдзысты. Дыууæ адæймаджы та хуыссынц Тагъд æххуысы клиникон рынчындоны. Иу дзы уæззау уавæры ис. Дохтыртæ æппæт хъарутæй дæр архайынц йæ аирвæзын кæныныл, – загъта министр.

Цæгат Ирыстоны «Роспотребнадзор»-ы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы эпидемиологон уавæр у ныввыл. Медицинон уагдæттæм æххуысмæ чи бадзуры, уыцы адæмы нымæц зынгæ фæкъаддæр. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци разынд иу адæймагмæ.

Ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, нæ республикæйы æппæт ахуырадон уагдæттæ дæр кусынц æрвылбоны фæткыл. Нодж ма тагъд Цæгат Ирыстонмæ, Дагестаны донивылдтытæй хъыгдард цы районтæ баййæфтой, уырдыгæй æрбацæудзысты 100 сывæллоны æмæ 15 ахуыргæнæджы. Ам сын бацæттæ кæндзысты хи ирхæфсæн æмæ фæлладуадзæн мадзæлттæ.

Сергей Меняйло ахуырад æмæ наукæйы министрæн бахæс кодта дагестайнаг сывæллæтты базонгæ кæнын «Город ангелов» æмæ Беслæны скъолайы музейимæ.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Хъæугæ ныхас

# Фæсивæдон парламенты уæнгтимæ фембæлд

**Уæрæсейы Федерацийы сенатор Цæгат Ирыстонæй Виталий НАЗАРЕНКО «Регионалон къуыри»-йы фæлгæты сæмбæлд республикæйы Фæсивæдон парламенты уæнгтимæ. Ныхас кодтой Цæгат Ирыстоны размæ æвæрд нысантæ æмæ хъуыддæгтыл.**



Фембæлды архайдтой РЦИ-Аланийы Парламенты Национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар **Джиоты Георги** æмæ Паддзахадон Думæйы цур Фæсивæдон парламенты уæнг **Андрей Попов**. Виталий Назаренко рæгъмæ рахаста Федерацийы Советы архайды, сæ сæйрагдæр хæсты, сæ размæ цы нысантæ æвæрынц, уыцы æппæт хабæрттæ.

Æрыгон парламентаритæ сæхирдыгæй лæвæрдтой ахуырадимæ, фæсивæдон политикæимæ, патриотон хъомыладимæ баст фарстатæ. Федерацийы Советы сенатор куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй ахæм фембæлдтытæ æххæст вæййынц уæлдай хъару æмæ тыхæй, æвæрд дзы æрцæуы стыр зонындзинæдтæ.

«Æрыгæттæ нæ фемхиц кæнынц сæ зæрдæбын ахастмæ, сæ сæрæндзинадмæ. Мах сæ хъуамæ хъусæм, цæуыл у сæ мæт, уый æмбарæм. Фæсивæдон парламенты уæнгтæ сты хицаудзинадимæ бастдзинады цæг. Сæ ныхасæй райстон æцæг ирд æнкъарæнтæ, æвдисынц уæлдай сæрæндзинад, æхсæндон хъуыддæгтæм уазал цæстæй нæ кæсынц. Сты цыргъзонд æмæ æнæниз сæрбæрзонддзинады хицау», – загъта Виталий Назаренко.

Ацы фембæлды хъæппæрис равдисæг **Куыдзиаты Азæмæтæн** сенатор загъта бузныджы ныхæстæ.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ,**
**Уæрæсейы**
**Федерацийы сенаторы**
**æххуысгæнæг**

Адæмон газет

# Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Посты бастдзинады регионалон управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газеттæ рафыссыны сæйраг æмгъуыд йæ тыхы нæма бацыд. Уыимæ, азы дыккаг æмбисæн «Рæстдзинад» рафыссæн ис рагагъоммæ дæр зæронд аргъæй, ома, 1448 сомы æмæ 46 капеккæй. Льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

Национ проекты фæлгæты

# Хуыздæр наукон куыст

**Проект «Технологон æфсисад хойраджы ædасдзинадæн»-ы сæйраг хæс у, Уæрæсейы хъæуунхæдзарадон комплексы рæзт æмæ технологон хæдбардзинад. Йæ фæрцы нæм фаг уыдзæн æппæт æнæмæнгхъæугæ продукттæ, стæй фылдæр гæнæнтæ фæзындзæн дунеон базарады нæ уавæр фидардæр кæнынæн. Сноггонд национ проекттæ Уæрæсейы Президенты уынаффæмæ гæсгæ, царды æххæстгонд цæуынц фаронæй фæстæмæ.**



Хæххон аграрон университеты студенткæ **Бутаты Кристинæйы** æрхъуыдыгонд цыхт дзуапп дæтты национ проектæн «Технологон æфсисад хойраджы ædасдзинадæн». Уый фæдыл фехъусын кодтой Цæгат Ирыстоны Хъæууон хæдзарады министрады.

Республикæйы уæлдæр хъæууонхæдзарадон ахуыргæнæндоны студенткæ зæрдиагæй бакуыста зайæгойтимæ æвæджиауы фæлмæн цыхт скæныныл æмæ йæ къуухы æфтгæ дæр бакодта. Промышленнон уавæрты урсаджы фыццаг парти рауагъта компани «Молпродукт», йæ директор **Абайты Алан**. Ног хойраг иннæтæй хицæн кæны, клетчаткæ, антиоксиданттæ æмæ цыхты минералон буаргъæдты сконд дзы хуыздæр кæй сты, уымæй. Кристинæ архайдта Уæрæсейы хъæууонхæдзарадон уæлдæр ахуыргæнæндæтты студентты, аспирантты æмæ æрыгон ахуыргæндты 'хсæн хуыздæр наукон куыстыты Æппæтуæрæсеон конкурсы фыццаг къæпхæны. Чызджы наукон разамонæг у хъæуунхæдзарадон наукæты кандидат **Кокойты Аленæ** – технологон менеджменты факультеты «Куыстады технологитæ, фосдарынады продукцийы æвæрын æмæ бакуысты» кафедрæйы доцент. Дарддæр æнхъæлмæ кæсынц конкурсы фæуæлахиз уæвын æмæ патент райсынмæ.

Республикæйы хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан** бафиппайдта, хойраджы промышленносты инновацион технологиты рæзт фыдыбæстаг агропромы быцæуархайд æмæ адæмы царды хæрзхъæддзинадæн ахъаз кæй уыдзысты. Æрыгон ахуыргæндты ахæм проекттæ бизнес æмæ паддзахады 'ххуысæй комкоммæ кæй уыдзысты ахъаз технологон хæдбардзинад æмæ паддзахады хойраджы ædасдзинадæн. Кæй сты сæрыстыр нæ студенттæй æмæ дарддæр дæр сæ хъæппæрисæн кæй æххуыс кæндзысты.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

## Дзырды фарн

*... хъуыддагыл фæстæмæ хæцын не 'мбæлы.*

*ТЫБЫЛТЫ Алыксандр*

Цæстæнгас

# Цæмæн аивта ирон адæймаджы удыхъæд?

**Цæмæн аивта ирон адæймаджы удыхъæд? Ацы фарст мын æнцой нæ дæтты. Арæх бахауын хъуыдыты уацары. Нæ куырыхон фыдæлтæ, цыфæнды гуыргъахъ фæндæгтыл цæугæйæ дæр, цавæрфæнды зындзинæдты бахаугæйæ дæр, ирон рæсугъд æгъдæуттыл фидар куы хæцыдысты, уæд сæ абон сæ фæдонтæ цæмæн зыгъуыммæтæ кæнынц?**

Журнал «Мах дуг»-ы адæмон фыссæг Агънаты Гæстæны аивадон-документалон уацау «Суджы уæрдон» куы бакастæн, уæд та мæ зæрдыл æрлæууыд мæ саби, ме 'взонджы бонтæ цы фæрнджын хъæуы арвыстон, уыцы зæдбадæн Дзуарыхъæу. Растæр зæгъгæйæ, Гæстæны ацы æмæ ма йæ иннæ уацаутæ тынг зæрдиагæй раджы бакастæн, фæлæ та æрæджы мæ размæ фæци журнал «Мах дуг»-ы 2020 азы æхсæзæм номыр, æмæ, кæд, уацауты дзырд цæуыл цæуы, уый бæлвырд зыдтон, уæддæр та йæ кæрæй-кæронмæ тынг лæмбынæгæй бакастæн. Æмæ та хъуыдыты цы бинонты фæкодта, уыдон дæр рохуаты нæ баззадысты. Иумæйагæй, æмдыхæй, æмзондæй сын алывæрсыг æххуыстæ кодтой…

Мæ фыд хæстмæ ацыд 1942 азы æмæ, кæд хæсты уæззау цæфтæ фæци, уæддæр 1945 азы, августы йæ бинонтыл сæрæгасæй сæмбæлд. Уæлахизы бон æй æрæййæфта æфсæддон госпиталы. Кæд йæ цæфтæ бынтон нæма байгас сты, уæддæр йæ хъæуккæгты æмрæнхъ æрлæууыд – æвæллайгæйæ куыста семæ. Хæдзарад куы банывыл кодтой, уæд та бавнæлдтой, хæсты рæстæг цы хæдзæрттæ фехæлдысты, басыгъдысты, уыдон аразынмæ.

уæзданæй афтæ бакодта:

– Омæ, Созырыхъо, не 'ххормаг сабитæн мæ бон æндæр ницæмæй баххуыс кæнын у. Уадз æмæ, зæгъын, æртхуыз уæддæр уой. Стæй, мыййаг, мæлæты хорз сугтæ куы нæ сты, мæнæ хъæдхъыгдарæнтæ рамбырд кодтон, уазал сабитæ, зæгъын, сæм сæ гомгуыбынтæ уæддæр батавдзысты.

Мæ фыд æнæлаз, æнæхин, зæрдæхæлар, цæстуарзон лæг уыд. Фæлæ -иу зыдта, Созырыхъойæ кæй нæ аирвæздзæн, уый, æмæ-иу æй хин ми кæнын дæр бахъуыд. Уæрдоны гуыффæйы-иу бынæй сæвæрдта хорз, арты гуыргуырæй чи судздзæн, ахæм сугтæ, уæле та сыл-иу æркалдта фæрвы къалиутæ, пыхсытæ. Ома хъæдæн дæр бынтон знаггад нæ кодта, æрзылд-иу æмæ-иу зæронд, кæлæддзаг бæлæстæ алыгтæ кодта. Созырыхъо æмбаргæ лæг



уыд æмæ йыл фæгуырысхо. Иу бон йæ фæдыл (мæ фыд суджы уæрдон куы ласта, уæд) гуырæй-гуырмæ фæцыд æмæ, сыхæгты кæрты суджы уæрдон куыд афтид кодта, афтæ йæ уæлхъус алæууыд. Уыцы рæстæг хæдзарæй цингæнгæйæ ракалдысты амæй-ай къаддæр бæгънæг, бæгъæввад, æххормаг фондз сывæллоны. Созырыхъо сæм куы фæкомкоммæ æмæ куы бамбæрста, сугтыл афтæ тынг кæй цин кæнынц сидзæр сабитæ, уый, уæд зæхмæ нымдзаст æмæ мæ фыдæн сабыргай загъта: «Дæ куыст кæн, æрмæст аивæй архай. Хицауады цæст дыл макуы æрхæцæд». Æмæ æнкъардæй, сæргуыбырæй кулдуары æдде фæци.

Нæ хъæуы мæ фыды хуызæн хæрзгæнджытæ уæды рæстæг чысыл нæ уыд. Суанг ма, хæстæй уæнгхъуæгтæй чи сыздæхт, уыдон дæр æнцад бадын сæ сæрмæ нæ хастой. Сæ бон куыд уыд, афтæ æххуыстæ кодтой сæ сыхæгтæн. Адæм ма-иу, колхозы куыстытæй уæлдай, кæрæдзийæн баххуыс кæнынæн дæр рæстæг ссардтой. Кау бийынæй, хос кæрдынæй, хæдзар амайынæй, хæдзары сæр æмбæрзынæй – иууылдæр сæ кодтой æмдыхæй. Зиу нымад уыд æппæтæй ахсджиагдæр хъуыддагыл. Стыр худинагыл нымад уыд иумæйаг зиумæ нæ рацæуын. Ахæм куыстытæ-иу, фыццаджыдæр, бакодтой сидзæртæн. Рохуаты никуы баззадысты æдых, æвæрæз хистæр кары адæм. Кæстæртæ сыл-иу, æнæмæнг, баузæлыдысты. Уæды рæстæг, куыд фæзæгъынц, адæмæн сæ куыст дæр, сæ хæрд дæр уыд иумæйаг. Цардысты «а» æмæ «о»-йæ, кæрæдзийы æмбаргæйæ, кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ. Сæ уалдзыгон, сæрдыгон æмæ фæззыгон куыстытæ кæддæриддæр кодтой иумæ. Иумæ-иу арвыстой сæ зымæг дæр. Афтæ хæлар æмæ уарзонæй цардысты адæм советон дуджы…

Абон та? Абон суджы уæрдон нæ, фæлæ дын къæцæл дæр лæвар ничи ратдзæн, иу тихалæг дæр дын лæвар ничи ракæрддзæн, иу зæгæл дæр дын нæ ныххойдзæн, нæ дын сæппардзæн иу белгом дæр. Æнæ æхца фенгæйæ дæм фæстæмæ дæр ничи фæкæсдзæн. Гъе, афтæ цæхгæр аивта ирон адæймаджы удыхъæд. Нал ис йæ кой дæр рæсугъд æгъдау зиуæн. Æхца йæ йæ быны афсæрста. Бирæ рæсугъд æгъдæуттыл фæуæлахиз æхца. Акæсæм ма нæ алыварс. Бонджынтæ хæлоф кæнынц, галуантæ аразынц. Мæн фылдæр фæуайыл архайынц. Раст зæгъы Саутæты Тамилæ, ныры æнæфсис дуджы æхца бакусыны охыл суанг тæссаг рæтты дæр хæдзæрттæ аразынц. Æрцахстой Куырттаты комы суанг айнæг къæдзæхтæ дæр. Сæ æрдзон уагыл сæ нал уадзынц, фæлдахынц сæ. Суанг ма æрлæбырынæй тæссаг кæм у, уыцы рæтты дæр фæзынд хæдзæрттæ. Нæ куырыхон фыдæлтæ хорз æмбæрстой, æрдз не сфæлдисæг дæр æмæ нæ дарæг дæр кæй у, æмæ йын табутæ дæр уымæн кодтой. Хъахъхъæдтой йæ. Ныры дуджы та æрдзы фыдæхæй дæр ничиуал тæрсы. Мулкджынтæ алырдæм лæбурынц. Нæ тæрсынц знæт Фыййаджыдонæй дæр, кæрæй-кæронмæ йын йæ былгæрæттæ бацахстой. Ахæм зыдыкатæм æххуысы охыл куы баулæфай, уæд сæхи нæхъусæг, нæуынæг скæнынц. Афтæ, ныры фæлдурæдджджын дуджы нæ ирондзинад, иудзинад, зæрдæхæлардзинад, уарзондзинад ивд æрцыдысты æхцайæ. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ирон адæймаджы удыхъæды рæсугъддзинад дæр мынæгæй-мынæгдæр кæны.

анығъуылдтæн. Уæдæ, цæй фидар, фæразон æмæ быхсон разындысты нæ фыдæлтæ! Нæ бакуымдтой сæттын цыфыддæр знагæн. Ахъаззаджы ныхкъуырд раттой немыцаг балбирæгътæн. Нæ сыл фæтых сты нæдæр – æххормаг азтæ, нæдæр – мæлæтхæссæг низтæ. Цыфæнды уавæрты дæр Советон Цæдисы æппæт адæмтимæ Иры дзыллæтæ дæр бахъахъхъæдтой Фыдыбæстæ, ирон фарн, кад æмæ намыс. Уымæн сын стыр ахъаз уыдысты сæ иудзинад, кæрæдзимæ уарзондзинады æнкъарæнтæ. Æмвæнд, æмзонддзинад сын тых дæр, хъару дæр æмæ ныфс дæр лæвæрдта.

Нæ хъæу æмæ нæ сыхы Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй ма цы иугай нæлгоймæгтæ æрбаздæхт, уыдон, сæ фæллад нæ ныймайгæйæ, бавнæлдтой хæсты фæстиуджытæ аиуварс кæнынмæ. Фыццаджыдæр, банывыл кæнын хъуыд хъæууон хæдзарад. Æмæ нæлгоймагæй-сылгоймагæй, стырæй-чысылæй сæ дыстæ арф батылдтой æмæ, æхсæв-бон нæ хынцгæйæ, уæхскуæзæй архайдтой. Уæдæ хæст æнæдарæг

Мæ фыд куыддæртæй самал кодта хæрæгуæрдон æмæ уый руаджы хорз æххуыстæ кодта сыхæгтæн, сидзæргæстæн, зæрæдтæн. Сæумæцъæхтыл-иу йæ хъилхъус хайуаны аифтыгъта уæрдоны æмæ-иу хъæдмæ фæраст. Хур-иу йæ был нæма сдардта, афтæ-иу мæ фыд хъысхъысгæнаг сугæй дзаг уæрдон æрлæууын кодта сыхæгтæй куы кæй, куы кæй хæдзары дуармæ. Афтæ радыгай ласта суг, арæхдæр – сидзæргæс сылгоймæгтæн.

Уыцы рæстæг хъæдгæсæй куыста нæхи хъæуккаг Хæдарцаты Созырыхъо – æууæнкджын, бæрнон адæймаг, иузæрдион йæ куыстыл. Æмæ куыд нæ, Коммунистон парти йын бабар кодта ацы бæрнон хъуыддаг! Созырыхъо-иу арæх амбæлд мæ фыдыл, хъæдæй-иу суджы уæрдонимæ куы рацæйцыд, уæд. Кæм-иу уыд хъæдгæсæн æхсызгон, æмæ-иу мæ фыдæн бауайдзæф кодта:

– Сандыро, æгъгъæд нæма у, хъæд иууылдæр куы ныццагътай!

Мæ фыд дæр-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, фефсæрмы ис æмæ йын-иу

**ФÆРНИАТЫ Рая,**
**Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

Чысыл радзырд

# Мæ къух мын нæ райста…

Нæ хъæуы мæ мадæн йæ фыдыфсымæр амард, æмæ мах дæр хæдзарыдзагæй уым уыдыстæм. Стæй иу бон нæ, фæлæ 5 — 6 боны, уæдмæ-иу нæ бавæрдтой мард. Уал боны-иу хъуыд лæггад кæнын, æрвылбон æхсæвæр цæттæ кæнын. Уыцы хæстæ фылдæр æвæрд уыдысты хъæубæсты чызджытыл.

Æз уæд æстæм къласы ахуыр кодтон æмæ, мæ бон цас уыд, уымæй архайдтон, æххуыс кодтон. Фæлæ, куыд зианджын, афтæ-иу хистæр устытимæ марды уæлхъус дæр абадтæн. Адæм цыдысты, бонæй — мæрддзыгой, изæрæй — æхсæвбадæнмæ. Чи куыд цыд, афтæ-иу, марды уæлхъус цы сылгоймæгтæ бадт, уыдоныл азылдысты. Къухтæ истой, хъæбыстæ кодтой, фæлæ дзы мæн хъуыды дæр ничи кодта. Сывæллоныл мæ нымадтой.

Æз мæстæй скъуыдтæн. Ау, исты ма саби дæн. Уæд мæнæн дæр мæ къух райс æмæ мын тæфæрфæс ракæн. Нæ зонын, уый мæм цæмæй хорз каст, фæлæ хистæр сылгоймæгтæм хæлæгæй мардтæн. Æвæццæгæн мæ сывæллоны бынаты кæй æвæрдтой, уый мын зын уыд. Иуизæр та, мард кæм уыд, уыцы уаты рудзынгæй æнкъардæй кæсын уынгмæ. Уæртæ та кæртмæ æрбахызт сылгоймæгты къорд, æмæ нæ географийы ахуыргæнæг Мæдинæт дæр кæд уыд семæ. Зыдтон æй, ныртæккæ æрбахиздзысты æмæ та мæрдджынтыл зилдзысты.

Мæ сæры хин хъуыды февзæрд. Цæй, æмæ хистæр сылгоймæгты 'хсæн абадон. Уыдонæн сæ къухтæ исдзысты æмæ ма мæн дæр куыд фæхъулон кæндзысты. Иууыл тынгдæр та мæ фæндыд, мæ ахуыргæнæг мын мæ къух куы райсид, уый — уæд скъолайы мæхицæй раппæлин. Уæды рæстæджы сывæллæттæн ахуыргæнджытæ афтæ табуйаг уыдысты, æмæ дын, дæ къух куы райстаид, уый стыр кады хъуыддаг уыд. Æз уайтагъд марды фарсмæ бадæг сылгоймæгтæм мæхи байстон, бынат дзы нæ уыд, фæлæ куыддæртæй мæ мады фарсмæ æрныхстæн.

Æрбахызтысты мæрддзыгой æмæ, куыд вæййы, афтæ къухтæ исгæ æмæ хъæбыстæгæнгæ разылдысты зианджынтыл. Мæ фыркатайæ йæ нæ бамбæрстон, иннæ устытæй мæ исчи æрхъуыды кодта æви нæ, фæлæ мæнæн ме 'нхъæлмæкаст Мæдинæтмæ уыд. Мæ цæстытыл уад, куыд æппæлдзынæн къласы. Мæнæ æрбахæццæ мæ размæ. Ау, афтæ ахиздзæн? Ахуыргæнæг мæм тæригъæдгæнгæ æрбакаст, ома зонын æй, дæхионы мардыл дæ зæрдæ риссы, фæлæ, æвæццæгæн, сывæллоны къух райсын йæ сæрмæ не 'рхаста, фæлæ мын мæ сæр рæвдаугæ æрсæрфта. Æз афтæ фенхъæлдтон, мæ къух мын исы, æмæ мæ цонг фæхъил кодтон. Уый уæдмæ йæ къух мæ сæрæй фæстæмæ фæцæй иста, æмæ йын æй æз уæлдæфы рацахстон. Арвы цæфау фæдæн. Фырæфсæрмæй мæ зæрдæ æрбауынгæг. Фестадтæн æмæ сæргуыбырæй феддæдуар дæн. Мæйæ фылдæр та йæ урокмæ нал бацыдтæн.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Мысинæгтæ

# Хъысмæт цы скæрда, уый – æвзаринаг!

**Витали… Колыты лæппу… Оледжы фырт… Уæззау низ æй ахаста йе 'нусон бæстæм. Адзалæн мадзал нæй, зæгъгæ, ахæм æмбисонд баззад, фæлæ зæрдæ нæ комы уый тыххæй ивгъуыд афоны дзурын. Æнæмæлгæ дуне нæй, гъе фæлæ æнафоны мæлæт зæрдæ фæриссын кæны, æмæ дзы ностæ баззайы. Æмæ нæ уыдон рох кæнын нæ уадзынц цардбæллон удты. Уыйадыл та фæзæгъæм: «Витали… Колыты лæппу… Оледжы фырт»… Фæзæгъæм æмæ æнкъард сагъæсты анығъуылæм хъыггæнгæйæ, зæрдæсастæй… Æцæг, иу афон нæ зæрдæбын цыдæр схъыдзы кæны, нæ удварныл хур ракæсы, æмæ нæ цæрын æрфæнды. Куыд тагъд атахтысты нæ ахуыры азтæ!.. Куыд тагъд атахтысты дæ царды азтæ. Баззад ма нын мысинæгтæ… Куырыхон адæм хуымæтæджы нæ фæдзæхстой, мысинаг фыссинаг кæй у, уый тыххæй. Виталийы тыххæй цы 'рымысæм, уый та куыд нæ ис. Зонгæ уыдыстæм 50 азы. Сидзæрæй схъомыл æмæ, чи зоны, уæлдай зæрдæхæлар дæр уый тыххæй уыд. Никуы никæй хъыджы бацыд, æдзухдæр цæттæ уыд баххуыс кæнынмæ. Адæмы цæстмæ нæ, фæлæ зæрдæйæ…**

Афтæ æрвыста йæ царды бонтæ лæппулæгæй бабайы кармæ. Æхсæз хъæбулы хъæбулы ад дæр базыдта, æрмæст сæ хурæй нæ бафсæст. Уæле сын уый хыгъд ныууагъта йæ фарн, сæрыстыр кæмæй уыдзысты, ахæм ном. Уым Витали бавæрдта мыггаг, сыхбæстæ æмæ адæмы фарн. Æмæ уый, æртыкъахыг фынгау, лæггад кæндзæн йæ фæстæ дæр. Колыйы-фырты чиныгкæсæджы амонд кæй уыд, уый æппындæр дызæрдыггаг нæу.



Фыстæджытæ, æрвыстæджытæ, дзæнгæрджытæ цас райста, уыдон банымайын æнцон хъуыддаг нæу. Фæлæ æнæ уымæй дæр бæрæг у сæ ахаст кæрæдзимæ автор æмæ йæ кæсæгæн. Фидарæй мæ уырны: йæ аивадон æрмдзæфыл фыст цы 'рцыд, уыдон чысыл не сты, фæлæ хъуыддаг ууыл нæ банцайдзæн. Фидæны ма сæм бафтдзæн бындуронддæр æрмæджытæ, лæмбынæгдæр хатдзæгтæ æмæ фиппаинæгтимæ. Абон та æз гæххæтты сыфмæ рахастон, йæ рагмæлæты фæстæ мæм цы сагъæстæ (йæ цардыл, йе сфæлдыстадыл, йæ лæгдзинадыл) сæвзæрд, уыдон. Чысыл не сты, фæлæ сын æрлæудзынæн сæ сæйрагдæртыл. Цы йæ æмбæхсон, Витали мæ зæрдæмæ тынг хæстæг лæууыд, æмæ, афтæмæй кæй баззайдзæн йæ ном, уый дызæрдыггаг нæу. Фæндзай азы размæ базонгæ стæм, ЦИПУ-йы филологон факультеты куы ахуыр кодтам, уæд. Æмæ, раст куы зæгъон, уæд кæрæдзийы зæрдæхудты никуы бацыдыстæм. Уый – поэт, æз – ахуыргонд, литературæиртасæг, ахæм уавæры арæзтам нæ ахастдзинæдтæ.

Фараст æрмæгæй фылдæр (фæлгонцтæ, уацтæ, очерктæ, рецензитæ, уацхъуыдтæ) ныффыстон йæ цард æмæ йе сфæлдыстады тыххæй. Афтæ зæгъæн ис, æмæ æнæхъæн чиныджы бæрц разындысты бацамынд æрмæджытæ. Сæ рауадзыны тыххæй (ома хицæн æмбырдгондæй) дæр нæм ныхас уыд, цыдæр æрвады тыххæй дæр асагъæс кодта. Фæлæ, хъыгагæн, нæ фæнд кæронмæ нæ ахæццæ.

Дыууæ ныхасы мæ зæгъын фæнды Виталийы адæймагон æууæлты тыххæй дæр. Кæд йæхæдæг сидзæрæй схъомыл, уæддæр ын зæды зæрдæ уыдис – цæстуарзон, фæлмæн æмæ Хуыцауæй арфæгонд. Цастæ йæ бон у хуымæтæг адæймагæн, фæлæиу уæддæр алкæмæндæр ныфсытæ æвæрдта, цæмæй зындзинæдтæн сæттын ма бакома, уый тыххæй. Уæдæ-иу æм йæ райгуырæн хъæуæй исчи æххуысмæ куы 'рбацыд, уæд-иу йæхи хъуыддæгтæ ныууагъта æмæ-иу стыр мæты бацыд. Æз дæр ын, деканæй кусгæйæ, иу цалдæр хатты йæ хъуыддаг сарæзтон, æмæ-иу мæ галы бузныг фæци. Афтæ куы зæгъæм, йæ царды мидæг никуы никæй хъыджы бацыд, уæддæр рæдыд нæ уыдзæн.

Витали кæстæры ад базыдта, схъомыл кодта фондз чызджы, кæстæры кæстæртæ уыдысты ноджы фылдæр. Хъыгагæн, сæ хурæй нæ бафсæсти, фæлæ йæ фарн уæлæуыл баззад. Æмæ уымæй стырдæр хорзæх адæймагæн Хуыцау нæ дæтты. Фыдæлтæй нын баззад куырыхон æмбисонд: «Хъысмæт цы скæрда, уый – æвзаринаг!» Æнцон фæлварæн фæндаг не скарста хъысмæт Колыйы-фыртæн, фæлæ йыл лæгау кæй фæцыд, уый абон, йæ рагмæлæты фæстæ, дызæрдыггаг никæмæнуал у. Лæгæй фæцæрын фæдзæхстой нæ куырыхон хистæртæ сæ фæстагæттæн. Витали, кæй рафæлгъаудтон, уыцы æмбисонд сабийæ фæстæмæ йæ зæрдæйы бын арф æвæрдæй фæхаста æмæ йæхицæн лæджы ном самадта æнустæм. Æмæ йæ зианы бон цас мæрддзыгой адæм æрæмбырд, уый уымæн хорз æвдисæн у. Æнусон цард нæй, фæлæ ис æнусон кад, æмæ дзы Виталийы цард æмæ сфæлдыстад хайджын уæнт.

**ХОЗИТЫ Барис**



## Искурдиади кæфойнæ кенæ ба цæргæс

*(Контраст)*

**Лабæ æма æхсæрисæригъæуккаг Колити Олеги æма хорæмтабедзæ, Нарти Сатанай фæдон Текъоон Анфиси фурт, нуриккон барæуадзæ финсæг Колити Виталий номарæн**

1

Хъургъæхъти, хуртæбæл,
Хъулфити, зуртæбæл
– Цæун багъудæй:
Зæрæстон хумтæбæл,
Зæнхи стур сунтæбæл
Готон ратулдæй…
Æхсæвигон, бонæй
Æдзох æнæнцойнæй
Уодцирин… Цæхъал…

2

Нæ уарзис тухтонæ,
Кедæрти фæллойнæй
Нæ дæ фæстон хъал.
Нæ тæрсис буройнæй…
Скурдиади кæфойнæ –
Хуцауæй лæвар.

3

Цæргæс арв æсгаруй,
Фæрсæй ба – хой, хеуа,
Фурниллæг – сæ тахт.
Уонæн куд сæмбал уай,
Зонис: тох æй цард.
Ци 'нцæ йи мулкитæ –
«Дæлгоммæ сункъитæ»,
Кæмæйдæрти – давд.
Цæй цард – æрмидолæй,
Гæвзук фæрсæнцъолæй,
Некæми' й нимад…

4

Седзæри зин бонтæ,
Хорсугъд къолфæсонтæй
Фæсхонх нур идард…
Фæсуарун – ирд бонтæ,
Æгайтима уотæ' й:
Ходуй дæмæ цард…
Зæрдирайгæй – хорæй,
Къæсæр Ир – Дигорæй
Игъусуй дæ зард.

5

Бафсæдæд уæ хортæй,
Азæлæд – бундортæй
Нарти Аци цагъд!

## Акростих

***Кæбæл дæ рабарстæ уа? Æз нæ зонун!..***
***Ох, исирæстæ ду дæр седзæрæй.***
***Лæгъуз ракæнун рист зæрдæ нæ комуй,***
***Исдзорунæй естигар хуæздæр æй.***
***Тург кæнун æгириддæр ку нæ уарзи,***
***Игъæлдзæгæй ка цæруй, – уæлдзæн æй.***
***Вазуггин гъуддæгутæн ниффæрази,***
***Иссерис нæуæг мадзæлттæ сæрæй.***
***Тæппуод ун, нæ, некæд адтæй дæ тоги,***
***Адæм ивæрис дæхецæй уæлдæр.***
***Ледзун – еуварсмæ исмодæ' й нæ доги.***
***Ирусттæй ду дæ мин хатти лæгдæр,***
***Йарæбий! Ка ма нæ гъæуй æндæр?!***

***ХОХОЙТЫ Энвер***

# «Дæ номыл судзы мæм цырагъ»…

**Фæхъуыд та не 'мбæлттæй. Нал ис нæ хорз æмгар Колыты Витали… Зын у зæрдæйæн, зонд нæ разы кæны. Фæлæ, цы гæнæн ис, ницы у нæ бон фæндараст зæгъынæй æндæр. Нæ зæрдæты баззайдзæн æгъдауджын, сабыр æмæ фæлмæн адæймагæй. Курдиатджын уыд, куыд поэт, афтæ, куыд адæймаг дæр. Уымæн та æвдисæн, йæ фæстаг балцы йын фæндараст зæгъынмæ цас адæм æрцыд, уый дæр. Тынг хуымæтæг æмæ æфсармджын уыд Витали. Иуæй-иутæ бæстæ сæхи бакæнынц, раст цыма ам паддзах сты, Витали та уыд тынг сабыр æмæ хуымæтæг, хæдæфсарм.**

Фыццаг хатт мæ Дыгургоммæ уый аласта. Цæвиттон, уæд нырма Æхсæрысæрæй Заводы поселокмæ æрæджы æрбалыгъдысты. Цыдæр дзаумæттæ, хуыссæнтæ ма йæ æрбаласын хъуыд. Цæрионты Резван уыцы рæстæг Композиторты цæдисы сæрдар уыд. Фæкæсинаг лæппуйæн автобус рафыста, цæмæй хохæй æрбаласа йæ мулк… Мах цалдæрæй йемæ ацыдыстæм. Уæд федтон Дыгургомы диссаджы æрдз, уыдыстæм Задæлескы Нанайы кувæндоны. Абон дæр мæ нæ рох кæнынц уыцы боны амондджын æнкъарæнтæ. Уазайы дæлфæзы тезгъо, Ирæфы доны зарын… Кæд исчи а зæххыл амондджын адæймаг уыд, уæд уый Витали. Цæмæн афтæ зæгъын сидзæр лæппуйæ? Уымæн æмæ йæ бинойнаг æмæ йæ фондз чызджы рыг абадын дæр нæ уагътой сæ бинонты хистæрыл. Стæй уал кæуæджы кæуыл уыд… Цы ма вæййы уымæй ахсджиагдæр амондæн? Дзæбæх цот схастой Луизæимæ. Æрхъæцмæ нæ хъæцыдысты бинонтæ кæрæдзиуыл… Фæлæ йæ хæрæфыртыл йæ уд лæууыд. Хъæбулы хъæбул тынг адджын у, уый сусæг никæмæн у. Æгайтма федта кæстæры кæстæр. Æгъатыр низы ныхмæ, бæргæ, стох кодтой æппæт бинонтæй, фæлæ адзалæн мадзал нæй. Виталик, рухсаг у, нæ дзæбæх æмгар, мæ поэт-æфсымæр. Дæуæн цардæй цы нæ бантыст, уый дæ кæстæртæн бантысæд.

***Сымахæй мæ цы ныфс уыдис!***
***Ныр цалыл хи хойау кæуын…***
***Мæ зæрдæ у æнкъард, мæгуыр.***
***Сымах куы амбырд уат, мыййаг,***
***Дзæнæты уæд уæ бадинаг,***
***Уæд ам сымах фæмысæм мах,***
***Уæ номыл судзы мæм цырагъ…***

**ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ**

## Спортивон фидиуæг



Футбол

# Рамбулын сын нæ бантыст

**Ивгъуыд сабаты, 11-æм апрелы, Уæрæсейы дыккаг къорды футболон чемпионаты дивизион «Æвзист»-ы хъазæг командæтæ акодтой 8-æм туры фембæлдтытæ.**



Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» раздæрау йæхи фæзыл нымад хъазт акодта Грознайы Султан Билимхановы номыл стадионы. «Алани»-йы уазæг уыд Кировы командæ «Динамо».

Нæ командæйы рæнхъыты хъазæн фæзмæ рацыдысты: №1 – **Биазырты Давид**, №5 – **Багаты Алан**, №99 – **Махач Абдулхамидов** (82' – **Чертхъоты Дато**), №14 – **Анзор Амиралиев**, №71 – **Биазырты Артур**, №3 – **Артур Кузков**, №55 – **Рæмонты Зауырбег** (56' – **Кокойты Давид**), №8 – **Хуыгаты Алан**, №9 – **Артем Закиров**, №37 – **Гаглойты Тарас** (76' – **Булацаты Тимур**), №76 – **Кæркуысты Георги** (56' – **Кодзырты Артур**).

Хъазтæн йæ райдайæнæй суанг кæронмæ кæд пурти алайнæгтæм фылдæр рæстæг уыди, уæддæр кировæгтæн бантыст сæ дуар бахъахъхъæнын. Нæ лæпптæ архайдтой сæ ныхмæлæуæджыты фидæрттæ басæттынил, фæлæ сын ацы хатт уый нæ бантыст.

Фысымтæн сæхи дуар дæр æнæхъыгдардæй баззад, æмæ фембæлд ахицæн 0:0 хыгъдæй. «Алани» раздæрау цæуы 1-аг бынаты, фæлæ разæй сты нырма дæс фембæлды, æмæ уыдоны, цæмæй сæ абоны бынат бахъахъхъæной, уый тыххæй бахъæудзæн лæмбынæгдæр бакусын.

ФК «Алани» йæ радон, 9-æм фембæлд акæндзæн 18-æм апрелы уазæгуаты Пермы «Амкар»-имæ.

8-æм туры фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Динамо-2» (Мæскуы) – «Динамо» (Стъарапол) – 2:2, «Динамо» (Владивосток) – «Динамо» (Брянск) – 4:0, «Кубань» – «Амкар» – 0:0, «Тюмень» – «Зенит-2» – 1:1, «Алани» – «Динамо» (Киров) – 0:0.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. Алани** | **8** | **6** | **2** | **0** | **13-3** | **20** |
| 2. Динамо-2 М | 8 | 4 | 3 | 1 | 17-13 | 15 |
| 3. Амкар-Пермь | 8 | 3 | 3 | 2 | 15-12 | 12 |
| 4. Динамо-Брянск | 8 | 3 | 2 | 3 | 6-12 | 11 |
| 5. Динамо Кр. | 8 | 2 | 5 | 1 | 13-10 | 11 |
| 6. Динамо-Владивосток | 8 | 2 | 4 | 2 | 12-10 | 10 |
| 7. Тюмень | 8 | 2 | 3 | 3 | 10-9 | 9 |
| 8. Зенит-2 | 8 | 1 | 3 | 4 | 13-17 | 6 |
| 9. Кубань | 8 | 1 | 3 | 4 | 6-12 | - |
| 10. Динамо Ставрополь | 8 | 1 | 2 | 5 | 7-14 | 5 |

Хъæбысхæст

# Кадджын тренеры рухс ном

**Дзæуджыхъæуы Хъуылаты Бадзийы номыл спортивон галуан «Манеж»-ы 10-11-æм апрелы грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй уыд Уæрæсейы сгуыхт тренер Гуыцмæзты Роберты номарæн регионты 'хсæн гом турнир.**

Турниры архайдтой Цæгат Кавказы федералон зылды республикæтæ, Луганск, Ростов æмæ Астрæхæны облæстты, Стъарапол æмæ Краснодары крайты, Гуырдзыстон æмæ Казахстаны æрыгон богæлттæ. Сæ кармæ гæсгæ богæлттæ дихгонд уыдысты æртæ къордыл: 2012-2014, 2015-2016 æмæ 2017-2018 азты гуырдтыл. Æдæппæтæй турниры архайджыты нымæц уыд 500-мæ 'ввахс.

Турнир байгом кæныны мадзалы архайдтой: РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, РЦИ-Аланийы физикон културæ æмæ спорты министр **Фрайты Сослан**, Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзаутæ **Бæройты Хасан** æмæ **Хуыгаты Алан**, дунеон къласы спорты мастер **Дзарасаты Тимур**, Луганскы облæсты командæйы хистæр тренер **Джиошвили Тенгиз**, Гуыцмæзты Роберты чызг **Лейлæ**.

Тускъаты Таймураз йæ раныхасы зæрдиаг арфæ ракодта ерысты архайджытæ, æппæт уазджытæ æмæ турнир саразджытæн. Йæ раныхасы Таймураз зæрдыл æрлæууын кодта, Гуыцмæзты Роберт Ирыстоны грекъаг-ромаг хъæбысхæсты скъолайы сырæзтмæ цы стыр æвæрæн бахаста, цал æмæ цал спорты мастеры схъомыл кодта, уый. Уыдоны 'хсæн – Уæрæсе, Европæ, дунейы чемпионтæ æмæ ма Олимпиаг хъæзтыты фесгуыхæг Бæройты Хасан дæр... Роберты рухс ном, йæ цæстуарзон æмæ æргом уды конд йæ мысинæгты бафиппайдта Джиошвили Тенгиз дæр.

Турнир гом кæныны мадзал сæ рæсугъд ракафтæй бæрæгбонхуыз скодтой ансамбль «Кавказы зæлтæ»-йы артисттæ.

Æвзонг богæлтты ерыстæ барухс кодтой спортуарзджыты зæрдæтæ. Сæ алы фембæлды дæр уыди, цы дзы бахъуыды кæнай, ахæм æнæнхъæлæджы фæзындтытæ. Æвзонг богæлттæ гауызмæ куы рацæуынц, уæд фылдæр фæтырнынц фæуæлахиз уæвынмæ æмæ, кæд æнæрæдигæ алы хатт нæ вæййынц, уæддæр сæ цырд архайдæй гауызмæ кæсджыты æнкъард кæнын нæ фæуадзынц. Афтæ рауадысты турниры æртæ кары богæлтты архайд дæр.

2017-2018 азты гуырдтæ ерыс кодтой аст уæзы, æмæ сæ уæлахиздзаутæ систы: 21 кг – **Абдуллах Аслаханов** (Цæцæны Республикæ), 23 кг – **Амирхан Алимжанов** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 26 кг – **Стефан Дегурчиев** (РЦИ-Алани), 29 кг – **Цъебойты Сослан** (РЦИ-Алани), 32 кг – **Тазрет Тамбиев** (Стъарапол), 35 кг – **Сайд-Мухаммад Вегиев** (Цæцæны Республикæ), 39 кг – **Юсуф Азимов** (Астрæхæн), 45 кг – **Æгъуызарты Арсалан** (РЦИ-Алани).



Ирыстойнаг лæпптæн ма æртæ 1-аг бынæттæй уæлдай бантыст иу 2-аг æмæ цыппар 3-аг бынæттæ рамбулын. Афтæмæй командæты 'хсæн 1-аг бынатмæ рацыдис РЦИ-Алани, 2-аг ссис Цæцæны Республикæ, 3-аг бынат та бацахста Краснодары крайы командæ.

2015-2016 азты гуырд лæппуты ерысты ирыстойнæгтæ рамбылдтой иу 1-аг, 2-аг æмæ цыппар 3-аг бынаты. Ацы кары 1-аг командон бынат бацахста Цæцæны Республикæ, 2-аг ссис РЦИ-Алани, 3-аг бынатмæ та рацыд Ростовы облæсты командæ.

Богæлтты 'хсæн 1-аг бынæттæ рамбылдтой: 22 кг – **Мухаммад Аслаханов** (Цæцæны Республикæ), 25 кг – **Анас Алханашвили** (Гуырдзыстон), 28 кг – **Алихан Хапаев** (Кæсæг-Балхъары Республикæ), 31 кг – **Халил Музафаров** (Ростовы облæст), 35 кг – **Мухаммад Кубиев** (Цæцæны Республикæ), 40 кг – **Æлборты Æхсæртæг** (РЦИ-Алани), 45 кг – **Эдуард Манукян** (Краснодары край), 50 кг – **Ислам Горданов** (Адыгейы Республикæ), 60 кг – **Давид Мнацаканян** (Ростовы облæст).

2012-2014 азты гуырд богæлтты ерысты ирыстойнаг лæпптæ рамбылдтой фондз 1-аг, æртæ 2-аг æмæ дæс 3-аг бынаты. Афтæмæй Ирыстоны командæ 243 очкоимæ бацахста 1-аг бынат, 2-аг ссис Мæхъхъæлы Республикæйы командæ (121 очкойы), 3-аг бынатмæ та рацыд Кæсæг-Балхъары Республикæ (100 очкойы).

Хицæн спортсменты 'хсæн уæлахиздзаутæ систы: 32 кг – **Хъалæгаты Алан** (РЦИ-Алани), 35 кг – **Харебаты Алан** (РЦИ-Алани), 38 кг – **Беслехъоты Георги** (РЦИ-Алани), 41 кг – **Мухаммад Балаев** (Мæхъхъæлы Республикæ), 44 кг – **Айдемир Абдоков** (Адыгейы Республикæ), 48 кг – **Мухаммад-Саид Евлоев** (Мæхъхъæлы Республикæ), 52 кг – **Цæллагты Ацæмæз** (РЦИ-Алани), 57 кг – **Александр Гридин** (Стъараполы край), 62 кг – **Махмуд Аскаров** (Адыгейы Республикæ), 68 кг – **Хоцаонты Сослан** (РЦИ-Алани), 75 кг – **Билал Мержоев** (Мæхъхъæлы Республикæ), 90 кг – **Артем Расщупкин** (Луганскы Республикæ), 110 кг – **Евгений Обушный** (Луганскы Республикæ).

Уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ хорзæхджын систы кубоктæ, майдантæ, Кады гæххæттытæ æмæ сæрмагонд лæвæрттæй.

Турнирæй разыйæ баззадысты уазджытæ дæр. Кæсæг-Балхъары Республикæйы минæвæртты номæй турнир саразджытæн зæрдиаг арфæ ракодта тренер æмæ тæрхонгæнæг **Аслан Хаников**. «Мах Ирыстонмæ фæцæуæм куыд нæ хæлæрттæм, æмæ та ацы хатт дæр тынг бузныг стæм нæ фысымтæй. Гуыцмæзты Роберты зыдтам дæсны профессионал æмæ зæрдæхæлар адæймагæй. Йæ номарæн турнир æвзонг богæлттæн у тынг хъæугæ хъуыддаг, æмæ йæ саразджытæ сты арфæйы аккаг. Ам алцыдæр арæзт æрцыд, куыд æмбæлы, афтæ – æрхъуыдыджынæй, æмæ мах тынг фæнды, цæмæй турнир азæй-азмæ кæна ноджы хъæугæдæр!»

Турниры архайджытæ æмæ йæ саразджытæн зæрдæбын арфæ ракодта Гуыцмæзты Роберты чызг Лейлæ: «Мæ фыд йæ хъомылгæнинæгтыл куыд æнувыд уыди, куыд зæрдиагæй куыста семæ æмæ сæ хъæбысæй хæцынæй уæлдай куыд арæзта царды раст фæндагыл, уыдæттæн уыдтæн æвдисæн. Æз стыр бузныг дæн мæ фыды хъомылгæнинæгтæ æмæ йе 'мкусджытæй, йæ ном ын кæй нæ рох кæнынц æмæ йын ахæм номарæн турниртæ æрвылаз кæй аразынц, уымæй. Стыр арфæйы аккаг сты Бæройты Хасан, **Уруймæгты Владимир**, Хуыгаты Алан, **Джыгкайты Чермен, Мæргъиты Алан** æмæ иннæтæ. Уыдоны фæрцы турнир рауад ахæм парахат æмæ хуызджын арæзт!»

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Конкурс

# Æхсæнадон организацийы орден «Хетæгкаты Къоста»

**Ирыстоны зындгонд меценат, Аланты Ныхасы Мæздæджы районы хайады сæрдар ГУЦЦАТЫ Фридон ныр бирæ азты зæрдиагæй архайы ирон æвзаг æмæ культурæ бахъахъхъæныныл. Уыцы хъуыддæгтæн нæ хæлæг кæны йе 'хцайы фæрæзтæ дæр.**



Цалдæр азы размæ Фридоны хъæппæрис æмæ хæрдзтæй æрхъуыдыгонд æрцыд, ирон æвзаг æмæ культурæйы хуыздæр æнтыстдзинæдтæ чи 'вдиса, уыдоны орден «Хетæгкаты Къоста»-йæ схорзæхджын кæнын. Орден саразыны æппæт хæрдзтæ дæр Фридон райста йæхимæ. Уыцы хорз хъæппæрисыл архайы Цæгат Ирыстоны регионалон æхсæнадон организаци «Хетæгкаты Къостайы номыл наукон-культурон центр», йæ сæрдар – **Æлборты Иван**. Æрæджы центры уæнгтæ **Бигъуылаты Людмилæ** æмæ Гуццаты Фридон сæ сæрдар Æлборты Иван æмæ къамисы иннæ уæнгтимæ сбæрæг кодтой, уыцы хæрзиуæг ацы аз кæмæ æрхаудзæн, уыдоны нæмттæ. Цæгат Ирыстоны наукон-иртасæн институты залмæ, хæрзиуæг кæмæн снысан кодтой, уыдонæй уæлдай æрæмбырд сты фысджытæ, ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ, æхсæнадон архайджытæ æмæ культурæйы кусджытæ, интеллигенцийы минæвæрттæ.

Ацы азы конкурсы уæлахиздзаутæ систы Хуссар Ирыстоны Абайты Васойы музей-хæдзары директор **Остъаты Мæдинæ**, Уæрæсейы сгуыхт нывгæнæг, Хуссар Ирыстоны адæмон нывгæнæг **Дзукъаты Никъала**, иконæтæ нывгæнæг **Айларты Олланæ**, Цæгат Ирыстоны Абайты Васойы номыл гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор **Хъаныхъуаты Зæлинæ**.

Хетæгкаты Къостайы номыл наукон-культурон центр ма сбæрæг кодта ноджыдæр иу конкурс – «Мæ хъайтар сæрмагонд æфсæддон операцийы». Архайдтой дзы республикæйы ахуырдзаутæ. Сæ хуыздæрты разамонджытæ-ахуыргæнджытæ – **Солиты Лидæ** – Дзæуджыхъæуы 44-æм скъола, **Саламты Лидæ** – скъола «Диалог», **Уататы Верæ** – Ногбæтæхъойыхъæуы скъола, **Гæдзауты Зæирæ** – 26-æм скъола, **Ситохаты Зарæ** – Дзæуджыхъæуы 15-æм скъола. Хорзæхджын æрцыдысты центры Кады гæххæттытæй. Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты хистæр ахуыргæнæг **Милдзыхты Аиритæ** ахуырады бирæ азты сыгъдæгзæрдæ æмæ æнтыстджынæй кæй фæкуыста, уый тыххæй хорзæхджын æрцыд Кады гæххæттæй.

Кæронбæттæны Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар **Хозиты Барис** зæрдæбын арфæтæ ракодта уæлахиздзаутæн.

**КАСАТЫ Батрадз**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




До

После

MurVad production

MURVAD – СОВРЕМЕННОЕ РЕШЕНИЕ ДЛЯ ОБЛИЦОВКИ ДОМОВ, ФАСАДОВ И ИНТЕРЬЕРОВ

Гибкий кирпич MurVad – это стильный и практичный материал для тех, кто хочет получить эффект дорогой отделки БЕЗ ЛИШНИХ ЗАТРАТ И СЛОЖНОГО МОНТАЖА.

Почему выбирают Murvad:

- Собственное производство в РСО-А
- Запатентованная продукция
- Реалистичная текстура кирпича
- Легкий монтаж без специального инструмента
- Морозо- и влагостойкость
- Подходит для фасадов, заборов, балконов и интерьеров
- Не выгорает на солнце
- Экономия на отделке при премиальном внешнем виде

ДОСТАВКА ПО ВСЕЙ РОССИИ
В наличии видеоинструкция по установке
Адрес производства: РСО-Алания, с. Михайловское, ул. Безымянных Героев, 20
Консультация и расчет – бесплатно
Пишите в Direct или WhatsApp для заказа и консультации
8-928-857-05-59, 8-938-886-44-55
WhatsApp: wa.me/+79288570559.



РАБОТАЕМ КРУГЛЫЙ ГОД

Принимаем заказы на весну – оформите заказ сейчас, чтобы не ждать изготовления и приступить к монтажу сразу с наступлением сезона.

MurVad – стиль, который служит годами

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**






**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**



Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36**, компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2767.
Заказ № 382.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru